

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1. Kacindekan

Ajén sosiologis dina kaulinan tradisional mangrupa ma'na nu miboga mangpaat pikeun masarakat, ngeunaan tata cara hirup kumbuh di masarakat/pakumbuhan.

Kaulinan tradisional di désa Sukatali bisa dipasing-pasing jadi tilu kelompok, dumasar kana makéna alat jeung aturan/prosésna, nya éta kaulinan anu murni mangrupa alat, kaulinan prosés tur maké alat, jeung kaulinan prosés nu teu mibutuh alat. Kaulinan tradisional nu kapaluruh sarta miboga “muatan” ajén sosiologis di désa Sukatali aya 31 kaulinan, diantaranya: 8 kaulinan murni mangrupa alat, 11 kaulinan prosés tur mibutuh alat, sarta 12 kaulinan murni prosés/teu mibutuh alat.

Ajén sosiologis anu nyampak dina kaulinan tradisional di Désa Sukatali aya 18, nya éta: kakulawargaan, gawé bareng, silih tulungan, silih hargaan, ihtiar, reugreug/gedé haté, nurut kana aturan, tanggung jawab/tanggél waler, kajujuran, musawarah, kapamingpinan, akur jeung batur, toléransi/ngama'lum, silih asah, silih asih, silih asuh, nurut ka pamingpin, disiplin, teu gagabah, jeung pangorbanan.

Kaulinan tradisional di Désa Sukatali, Kacamatan Situraja, Kabupatén Sumedang miboga ajén sosiologis anu kalintang pentingna pikeun kahirupan barudak nalika hirup jeung masarakat. Ajén sosiologis dina kaulinan tradisional mangrupa “prosés pembelajaran” pikeun barudak dina mikawanoh kahirupan masarakat sarta ajén-ajén nu aya dina masarakat.

5.2. Saran

Sanggeus nalungtik ngeunaan kaulinan tradisional di Désa Sukatali, Kacamatan Situraja Kabupatén Sumedang sarta ajén sosiologis anu nyangkaruk disajeroeunana, aya sababaraha hal nu hayang ditepikeun minangka saran, pakait jeung panalungtikan nu geus dilakonan.

1. Kaulinan tradisional mangrupa warisan turun-tumurun ti karuhun, ku kituna kudu dijaga sarta ditanjeurkeun. Hal ieu tangtuna waé mibutuh gawé bareng antara pamaréntah, budayawan, jeung masarakat.
2. Kaulinan tradisional miboga ajén-inajén anu kalintang pentingna pikeun kahirupan masarakat, hususna barudak. Ku kituna, kudu aya karep ti sakabéh pihak pikeun nungtun barudak nalika ngulinkeun kaulinan.
3. Ieu panalungtikan masih kénéh loba kakuranganana, ku kituna leuwih hadé upama aya panalungtik séjén anu nalungtik hal samodél kieu sarta eusina leuwih lengkep.
4. Kaulinan tradisional teu ngan saukur miboga ajén sosiologis, tapi ogé miboga ajén-inajén nu séjénna, kayaning ajén psikologis, ajén moral, jeung sajabana. Ku kituna dirékomendasikeun pikeun nalungtik deui ajén-ajén séjénna nu nyangkaruk dina kaulinan tradisional.